03/FH/CC/M-2023-37

पुस्तिका शृंखला

उम्मीदवार का अनुक्रमांक

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

C

300012

प्रश्न–पुस्तिका

# मैथिली भाषा आओर साहित्य

समय : 2 घण्टे

पूर्णांक : 100

**प्रश्नों के उत्तर देने से पहले नीचे लिखे अनुदेशों को ध्यान से पढ़ लें।**

## महत्त्वपूर्ण अनुदेश

1. इस प्रश्न-पुस्तिका में कुल **100** प्रश्न हैं।
2. सभी प्रश्नों के अंक समान हैं।
3. सभी प्रश्नों के उत्तर दें।
4. **परीक्षा आरम्भ होते ही आप अपनी प्रश्न-पुस्तिका की जाँच कर देख लें कि इसके ऊपर दायीं ओर प्रश्न-पुस्तिका की शृंखला मुद्रित है। कृपया जाँच लें कि पुस्तिका में रफ़ कार्य हेतु तीन पृष्ठों (पृष्ठ संख्या 14 से 16) सहित पूरे 16 मुद्रित पृष्ठ हैं और कोई प्रश्न या पृष्ठ बिना छपा हुआ या फटा हुआ या दोबारा आया हुआ तो नहीं है। पुस्तिका में किसी प्रकार की त्रुटि पाने पर तत्काल इसके बदले इसी शृंखला की दूसरी सही पुस्तिका ले लें।**
5. इस पृष्ठ के ऊपर निर्धारित स्थान में अपना अनुक्रमांक अवश्य लिखें। प्रश्न-पुस्तिका पर और कुछ न लिखें।
6. प्रश्नों के उत्तर देने के लिए आपको वीक्षक द्वारा अलग से उत्तर पत्रक दिया जायेगा। **अपने उत्तर पत्रक के पृष्ठ-2 पर निर्धारित स्थान में अपना नाम, अनुक्रमांक, प्रश्न-पुस्तिका शृंखला तथा अन्य विवरण अवश्य लिखें अन्यथा आपका उत्तर पत्रक जाँचा नहीं जायेगा।**
7. उत्तर पत्रक के **पृष्ठ-2** पर निर्धारित स्थान में अपने अनुक्रमांक तथा प्रश्न-पुस्तिका की शृंखला **A, B, C** या **D** जैसा इस प्रश्न-पुस्तिका के आवरण पृष्ठ के ऊपर दायीं ओर अंकित है, से सम्बन्धित कोष्ठक को काली/नीली स्याही के बॉल-पॉइन्ट पेन से अवश्य कूटबद्ध करें। **उत्तर पत्रक पर प्रश्न-पुस्तिका शृंखला अंकित नहीं करने अथवा गलत शृंखला अंकित करने पर उत्तर पत्रक का सही मूल्यांकन नहीं होगा।**
8. इस पुस्तिका में सभी प्रश्न और उनके उत्तर मैथिली में मुद्रित हैं। प्रत्येक प्रश्न के **चार** उत्तर—(A), (B), (C) और (D) क्रम पर दिये गये हैं। उनमें से आप सबसे सही **केवल एक** उत्तर को चुनें और अपने उत्तर पत्रक पर अंकित करें। यदि आपको ऐसा लगे कि किसी प्रश्न के एक से अधिक उत्तर सही हैं, तो आप अपने उत्तर पत्रक में उस उत्तर को अंकित करें जो आपको सर्वोत्तम लगे। प्रत्येक प्रश्न के लिए **केवल एक** ही उत्तर चुनना है। आपका कुल प्राप्तांक आपके द्वारा उत्तर पत्रक में अंकित सही उत्तरों पर निर्भर होगा।
9. उत्तर पत्रक में प्रत्येक प्रश्न संख्या के सामने **चार** वृत्त इस प्रकार बने हुए हैं—(A), (B), (C) और (D)। प्रश्नों के उत्तर देने के लिए आपको अपनी पसन्द के **केवल एक वृत्त को काली/नीली स्याही के बॉल-पॉइन्ट पेन** से चिह्नित करना है। प्रत्येक प्रश्न के लिए केवल एक उत्तर को चुनें और उसे अपने उत्तर पत्रक में चिह्नित करें। आप उत्तर पत्रक में यदि एक प्रश्न के लिए एक से अधिक वृत्त में निशान लगाते हैं, तो आपका उत्तर गलत माना जायेगा। **उत्तर पत्रक में उत्तर को चिह्नित करने के लिए केवल काली/नीली स्याही के बॉल-पॉइन्ट पेन का ही प्रयोग करें। किसी भी प्रकार का काट-कूट अथवा परिवर्तन मान्य नहीं है।**
10. प्रश्न-पुस्तिका से कोई पन्ना फाड़ना या अलग करना मना है। प्रश्न-पुस्तिका और उत्तर पत्रक को परीक्षा की अवधि में परीक्षा भवन से बाहर कदापि न ले जायें। **परीक्षा के समापन पर उत्तर पत्रक वीक्षक को अवश्य सौंप दें।** उसके बाद आपको अपनी प्रश्न-पुस्तिका अपने साथ ले जाने की अनुमति है।
11. ऊपर के अनुदेशों में से किसी एक का भी पालन नहीं करने पर आप पर आयोग के विवेकानुसार कार्रवाई की जा सकती है अथवा आपको दण्ड दिया जा सकता है।

SEAL

www.bpscpathshala.com

निम्नलिखित सभ प्रश्नक सही विकल्प लिखू :

**1.** 'किछु देखल किछु सुनल' पोथीक लेखक छथि

(A) पं॰ यशोधर झा

(B) पं॰ गिरीन्द्र मोहन मिश्र

(C) राजेश्वर झा

(D) डॉ॰ जयकान्त मिश्र

**2.** ग्रियर्सन महोदय द्वारा तैयार कराओल गेल छनि

(A) फारमेशन ऑफ मैथिली लैंगुएज

(B) ए हिस्ट्री ऑफ मैथिली लिटरेचर

(C) लिंग्युस्टिक सर्वे ऑफ इण्डिया

(D) द लैंगुएज

**3.** मारुति कहल देवि मुँह बाउ।
खाय शकी तौँ हमरा खाउ।।
योजन भरि विस्तर कर काय।
सुरसा मुह दश कोश बनाय।।

एहि पाँतिमे ककर परीक्षा लेल गेल अछि?

(A) राक्षसिक

(B) मारुतिक

(C) त्रिजटा

(D) दशमुख रावण

**4.** 'उनटा बसात'क रचयिता छथि

(A) पं॰ सुरेन्द्र झा 'सुमन'

(B) कविवर सीताराम झा

(C) पुलकित लाल दास 'मधुर'

(D) श्यामानन्द झा

**5.** ध्वनि नियमक प्रबलताक आधार पर सप्तम वर्गक वर्गीकरण भेल अछि

(A) सात शाखामे

(B) तीन शाखामे

(C) चारि शाखामे

(D) पाँच शाखामे

**6.** मोहन भारद्वाज छथि

(A) नाटककार

(B) आलोचक

(C) कवि

(D) उपन्यासकार

**7.** ''गुड़कल गुड़कल मिड़ुकल जाय
जतय अछल दुई ब्रिच्छ अकाय।''

एहि पाँतिमे कोन अलंकार अछि?

(A) उत्प्रेक्षा अलंकार

(B) रूपक अलंकार

(C) अनुप्रास अलंकार

(D) उपमा अलंकार

**8.** 'साहित्य रत्नाकर'क उपाधिसँ विभूषित छथि

(A) ईशनाथ झा

(B) जीवन झा

(C) पुलकित लाल दास 'मधुर'

(D) मुंशी रघुनन्दन दास

www.bpscpathshala.com

9. 'शिक्षाक प्रोग्राम' कोन पोथीमे अछि?

(A) कन्यादान

(B) द्विरागमन

(C) एकादशी

(D) एहिमेसँ कोनो पोथीमे नहि

10. 'बसात' नाटक थिक

(A) ऐतिहासिक

(B) राजनीतिक

(C) सामाजिक

(D) पौराणिक

11. 'तिरहुता' कोन भाषाक लिपि थिक?

(A) बंगलाक

(B) उड़ियाक

(C) असमियाक

(D) मैथिलीक

12. "रुसब झा मनायब, मान आ मिलन—ई जेहने अनिवार्य आदिम कालमे छल, तेहने अपरिहार्य आइयो अछि।"
ई कोन उपन्यासक संदर्भमे कहल गेल अछि?

(A) कन्यादान

(B) हमरा लग रहब?

(C) फुटपाथ

(D) अभियान

13. 'छिकाछिकी' बोली बाजल जाइत अछि

(A) मोतिहारी

(B) वैशाली

(C) मुंगेर

(D) मुजफ्फरपुर

14. आलोचक 'कन्यादान'क लेखकक तुलना कएने अछि

(A) 'यात्री'जीसँ

(B) 'सुमन'जीसँ

(C) देवकीनन्दन खत्रीसँ

(D) 'भुवन'जीसँ

15. मैथिली भाषा भारतक अतिरिक्त कोन देशमे बाजल जाइछ?

(A) मौरिसस

(B) श्रीलंका

(C) नेपाल

(D) वियतनाम

16. 'गोविन्ददास भजनावली'क प्रकाशकीय लिखने छथि

(A) मदनेश्वर मिश्र

(B) डॉ॰ अमरनाथ झा

(C) पं॰ गोविन्द झा

(D) डॉ॰ लेखनाथ मिश्र

www.bpscpathshala.com

17. "कतोएक दिवस जखन बिति गेल
हरि पुनु हथगर गोड़कर भेल
से कोन ठाम जतय नहि जाथि
कय बेरि अंगनहुसँ बहराथि।"

एहि पाँतिमे कोन रसक अभिव्यक्ति भेल अछि?

(A) वात्सल्य रस

(B) करुण रस

(C) हास्य रस

(D) रौद्र रस

18. 'Formation of the Maithili Language'क लेखक छथि

(A) डॉ॰ धीरेन्द्र नाथ मिश्र

(B) डॉ॰ सुभद्र झा

(C) डॉ॰ मुनीश्वर झा

(D) अशोक कुमार झा

19. 'एक सिंघाड़ा : एक चाय' कथा कोन प्रवृत्तिक अछि?

(A) यथार्थवादी

(B) आदर्शवादी

(C) समाजवादी

(D) एहिमेसँ कोनो नहि

20. कखन हरब दुःख मोर, हे भोलानाथ।
दुखहि जन्मभेल, दुखहि जिवन गेल, सपनहु नहि सुख मोर।

ई की अछि?

(A) नचारी

(B) महेशवाणी

(C) शिव बन्दना

(D) भक्ति-शक्ति बन्दना

21. "भुस्साक आगि जकाँ नह् नह्
गरै छी मने-मने हमह्
फटै छी कुसियारक पोर जकाँ
चैतक पछवामे ढोर जकाँ।"

ई पाँति कोन कविताक थिक?

(A) विलाप

(B) कविक स्वप्न

(C) बूढ़वर

(D) अन्तिम प्रणाम

22. "कंटक गाड़ि कुसुमसम पदतल मंजिर चीरहि झाँपि।
गागरि ढारि कए पिच्छर चल तहँ आंगुरि चाँपि।।"

एहिमे वर्णन भेल अछि

(A) मान

(B) विरह

(C) अभिसार

(D) मिलन

www.bpscpathshala.com

23. 'आलोचना सिद्धान्त' पोथीक रचनाकार छथि

(A) डॉ॰ नीता झा

(B) मोहन भारद्वाज

(C) बालकृष्ण झा

(D) रमानन्द झा 'रमण'

24. सिद्धाचर्य भेलाह

(A) आदिकालमे

(B) मध्यकालमे

(C) आधुनिक कालमे

(D) अत्याधुनिक कालमे

**25.** 'प्राचीन मैथिली साहित्यक रूपरेखा' निबंधक लेखक छथि

(A) डॉ॰ अमरेश पाठक

(B) डॉ॰ रामदेव झा

(C) प्रो॰ रमानाथ झा

(D) डॉ॰ शैलेन्द्र मोहन झा

**26.** 'भोजपुरी' विकसित भेल अछि

(A) मागधी अपभ्रंश

(B) अर्द्ध-मागधी अपभ्रंश

(C) महाराष्ट्री अपभ्रंश

(D) शौरसेनी अपभ्रंश

**27.** 'अरुणोदय' शीर्षक कविता संकलित अछि

(A) सीतायनमे

(B) चित्रामे

(C) सूर्यमुखीमे

(D) माटिक दीपमे

www.bpscpathshala.com

**28.** 'मैथिलीक उद्‌गम ओ विकास'क लेखक छथि

(A) कुमार गंगानन्द सिंह

(B) पं॰ गोविन्द झा

(C) डॉ॰ रामदेव झा

(D) रमापति झा

**29.** विद्यापतिक नीति-उपदेशात्मक ग्रन्थ कोन भाषामे रचित अछि?

(A) अवहट्ठ

(B) प्राकृत

(C) मैथिली

(D) संस्कृत

**30.** 'कृष्णजन्म' पोथी कतेक अध्यायमे विभक्त अछि?

(A) दस

(B) बारह

(C) अठारह

(D) पन्द्रह

**31.** 'आधुनिक साहित्यमे परिवर्त्तन स्वर' पोथीक सम्पादक छथि

(A) डॉ॰ प्रेमशंकर सिंह

(B) डॉ॰ बासुकीनाथ झा

(C) डॉ॰ नवीनचन्द्र मिश्र

(D) डॉ॰ विश्वेश्वर मिश्र

**32.** ''युगभेदेँ, व्यक्तिभेदेँ रचनाक तौर-तरीका सेहो बदलि जाइत छैक। व्यक्ति अपन सामाजिक, अपन वैयक्तिक, अपन सांस्कृतिक पृष्ठाधारसँ बहुत काल उपर नहि उठि सकैछ। अतएव एक युगक कवितासँ दोसर युगक कविता भिन्न तरहक दृष्टिगोचर होएत।'' ई विभिन्नता स्वाभाविक।''

मैथिली साहित्यक सन्दर्भमे किनकर कथन थिक?

(A) जयदेव मिश्र

(B) प्रो॰ उमानाथ झा

(C) डॉ॰ अमरेश पाठक

(D) दिनेश कुमार झा

33. मैथिल एकताकेँ एकसूत्रमे आबद्ध रखबामे हिनक मैथिली पदावलीकेँ सर्वाधिक श्रेय प्राप्त छैक। विद्यापति तत्कालीन सामाजिक संघटनक रक्षा अपन व्यवहार-गीत द्वारा तथा धार्मिक भावनाक रक्षा भक्तिपदक माध्यमसँ कयलनि।

ई कथन कोन विद्वानक छनि?

(A) मोहन भारद्वाज

(B) डॉ॰ भीमनाथ झा

(C) राजेश्वर झा

(D) दीनबन्धु झा

34. आजु नाथ एक बरत महासुख लाबह हे।
तोहेँ शिव धरू नट बेस कि डमरू बजाबह हे।

एहि पाँतिमे अभिव्यक्त अलंकार अछि

(A) उपमा अलंकार

(B) व्याजस्तुति अलंकार

(C) पर्यायोक्ति अलंकार

(D) व्यतिरेक अलंकार

www.bpscpathshala.com

35. "बर्त्तमानकालीन कविताक प्रवृत्तिक विश्लेषण करबाक काल किसुनजीक विभिन्न रचना मापदण्डक काज करत। हिनक कवितामे नवयुगक आशा विश्वासक झंकार स्पष्ट रूपसँ सुनि पड़ैत अछि।"

किसुनजीक कविताक संदर्भमे ई किनकर कथन थिक?

(A) प्रो॰ शैलेन्द्र मोहन झा

(B) प्रो॰ मायानन्द मिश्र

(C) डॉ॰ वासुकीनाथ झा

(D) डॉ॰ रमानन्द झा 'रमण'

36. कीर्त्तिनारायण मिश्रक कोन कविता-संग्रह साहित्य अकादमी पुरस्कारसँ पुरस्कृत अछि?

(A) कविता कुसुमांजलि

(B) ध्वस्त होइत शान्तिस्तूप

(C) सूर्यमुखी

(D) कतेक रास बात

37. 'जौनपुर'क बर्णन कोन पोथीमे अछि?

(A) विभागसारमे

(B) शैवसर्बस्वसारमे

(C) कीर्त्तिलतामे

(D) पुरुषपरीक्षामे

38. 'साहित्य ककरा कही?' ई रचना कोन पोथीमे संकलित अछि?

(A) साहित्यालोचनमे

(B) तात्पर्यमे

(C) परिचायिकामे

(D) संकलनमे

39. "जिनगीक ठेकाना कोन,
आब तो सहजहिँ पाकल आम भेलौं!
दै छही मिला तइओ अँटकरसँ पानि नित
छौं रखने पीआही फुच्ची दैबहिक लेल..."

ई कविता कोन प्रकारक अछि?

(A) यथार्थवादी

(B) राजनैतिक

(C) आर्थिक

(D) ऐतिहासिक

40. 'जहलक चिट्ठी' पुरस्कृत अछि

(A) मैथिली अकादमीसँ

(B) साहित्य अकादमीसँ

(C) प्रबोध सम्मानसँ

(D) चेतना समितिसँ

41. ''फ्रायडक मनोविश्लेषण हो किंवा मार्क्सक भौतिकबादी यथार्थवाद मानसिक उहापोह हो अथवा यौनभावक अंकन, नारी मुक्ति आन्दोलन हो अथवा जीवनक संघर्षक व्यथा मैथिली उपन्यासमे आबि रहल परिवर्तनक स्वरकेँ द्योतित करैत अछि।''

ई कोन विद्वानक विचार थिक?

(A) डॉ॰ लेखनाथ मिश्र

(B) डॉ॰ भीमनाथ झा

(C) डॉ॰ वासुकीनाथ झा

(D) डॉ॰ धीरेन्द्र

42. 'मिस बिजलीक भाषण' पोथीमे अछि

(A) कन्यादान

(B) हमरा लग रहब?

(C) द्विरागमन

(D) भामती

43. ''कुटिल कटाख-विशिख घन-बरखने दुर करू विविध तरंग
निज तनु-औषध-सरस-परस-रस-लेप थकित करू अंग।''

एहि पाँतिमे अलंकार अछि

(A) रूपक

(B) छेकानुप्रास

(C) उपमा

(D) उत्प्रेक्षा

44. 'मैथिली भाषा-शास्त्र'क रचनाकार छथि

(A) जयधारी सिंह

(B) डॉ॰ धीरेन्द्रनाथ मिश्र

(C) बालकृष्ण झा

(D) मोहन भारद्वाज

45. 'यात्री चेतना पुरस्कार' कोन संस्था द्वारा देल जाइत अछि?

www.bpscpathshala.com

(A) साहित्य अकादमीसँ

(B) मैथिली अकादमीसँ

(C) चेतना समितिसँ

(D) एहिमेसँ कोनो संस्थासँ नहि

46. 'बोली' विकसित भए की बनैत अछि?

(A) शब्द

(B) ध्वनि

(C) भाषा

(D) अर्थ

**47.** मैथिली भाषा विकसित भेल अछि

(A) मागधी अपभ्रंश

(B) महाराष्ट्री अपभ्रंश

(C) शौरसेनी अपभ्रंश

(D) पैशाची अपभ्रंश

**48.** 'कवि-कण्ठहार' उपाधि छनि

(A) गोविन्ददास

(B) विद्यापति

(C) मनबोध

(D) चन्दा झा

**49.** 'गोविन्ददास भजनावली'क भूमिका लिखने छथि

(A) गोविन्द झा

(B) मोहन भारद्वाज

(C) डॉ॰ वासुकीनाथ झा

(D) डॉ॰ इन्द्रकान्त झा

www.bpscpathshala.com

**50.** मैथिलीक सभसँ प्राचीन प्रथम गद्य-ग्रन्थ थिक

(A) सिद्ध साहित्य

(B) वर्णरत्नाकर

(C) पुरुषपरीक्षा

(D) कीर्त्तिलता

**51.** मैथिली भाषाक उद्‌गम मानल जाइत अछि

(A) 800 सँ —1200 ई॰ धरि

(B) 500 सँ —1200 ई॰ धरि

(C) 700 सँ —1200 ई॰ धरि

(D) 400 सँ —1200 ई॰ धरि

**52.** 'कृष्णजन्म'क प्रकाशिकी लिखने छथि

(A) देवकान्त झा

(B) चेतकर झा

(C) गोविन्द झा

(D) मोहन भारद्वाज

**53.** 'मिथिला भाषा रामायण'मे 'सुन्दरकाण्ड' विभाजित अछि

(A) पाँच अध्यायमे

(B) चारि अध्यायमे

(C) सात अध्यायमे

(D) आठ अध्यायमे

**54.** डॉ॰ मायानन्द मिश्र मैथिली साहित्यक मध्यकाल मानैत छथि

(A) 1300 ई॰ सँ —1800 ई॰ धरि

(B) 1600 ई॰ सँ —1800 ई॰ धरि

(C) 1325 ई॰ सँ —1860 ई॰ धरि

(D) 1550 ई॰ सँ —1857 ई॰ धरि

**55.** मैथिली भाषाक प्रथम उपन्यास थिक

(A) रामेश्वर

(B) मनुष्यक मोल

(C) सुशीला

(D) निर्दयी सासु

**56.** आधुनिक मैथिलीक मौलिक लघुकथाक विकास मानल जाइत अछि

(A) 1921

(B) 1925

(C) 1930

(D) 1935

57. डॉ॰ दुर्गानाथ झा 'श्रीश' मैथिली साहित्य विकासक दृष्टिएँ आदिकाल मानैत छथि

(A) प्रथम शताब्दीसँ —1300 ई॰ पूर्व धरि

(B) 800 ई॰ सँ —1300 ई॰ धरि

(C) 1000 ई॰ सँ —1300 ई॰ धरि

(D) 1300 ई॰ सँ —1550 ई॰ धरि

58. आधुनिक आलोचनाक जन्मदाता छथि

(A) प्रो॰ रमानाथ झा

(B) कवीश्वर चन्दा झा

(C) डॉ॰ उमेश मिश्र

(D) डॉ॰ जयकान्त मिश्र

59. ''आधुनिक गद्यक प्रणेताक रूपमे प्रतिष्ठित होएबाक अधिकारी कविवर जीवन झा छथि''—ई कथन थिक

(A) प्रो॰ हरिमोहन झा

(B) पं॰ गोविन्द झा

(C) आचार्य सुरेन्द्र झा 'सुमन'

(D) डॉ॰ शैलेन्द्र मोहन झा

www.bpscpathshala.com

60. 'मिथिला नाटक' अंकमे विभाजित अछि

(A) तीन अंकमे

(B) पाँच अंकमे

(C) छओ अंकमे

(D) सात अंकमे

61. मानक मैथिली बाजल जाइत अछि

(A) दरभंगा-मधुबनी

(B) भागलपुर

(C) पूर्णियाँ

(D) सहरसा

62. डॉ॰ जयकान्त मिश्र आलोचक छथि

(A) ऐतिहासिक पद्धतिक

(B) निर्णयात्मक पद्धतिक

(C) प्रभाववादी पद्धतिक

(D) तुलनात्मक पद्धतिक

63. आधुनिक काव्यधाराक प्रतिष्ठापक छथि

(A) विद्यापति

(B) चन्दा झा

(C) 'भुवन'जी

(D) 'सुमन'जी

64. वैद्यनाथ मिश्र 'यात्री'के कोन पोथी पर साहित्य अकादमी पुरस्कार भेटल छनि?

(A) पारो

(B) चित्रा

(C) पत्रहीन नग्न गाछ

(D) बलचनमा

65. पत्रात्मक शैलीक निबंध लिखनिहार छथि

(A) प्रो॰ उमानाथ झा

(B) शैलेन्द मोहन झा

(C) प्रो॰ तंत्रनाथ झा

(D) डॉ॰ सुभद्र झा

66. 'सूर्यमुखी' काव्य-संग्रह पर आरसी प्रसाद सिंहकेँ 'विद्यापति पुरस्कार' कोन संस्थासँ भेटल छनि?

(A) साहित्य अकादमीसँ

(B) मैथिली अकादमीसँ

(C) चेतना समितिसँ

(D) विद्यापति परिषदसँ

67. भारोपीय भाषा काल मानल जाइत अछि

(A) 1600 ई॰ पू॰

(B) 1200 ई॰ पू॰

(C) 2500 ई॰ पू॰

(D) 1000 ई॰ पू॰

68. "हा रघुनाथ अनाथ जकाँ, दशकण्ठपुरी हम आइलि छी।
सिंहक त्रास महावनमे हरिणीक समान डराइलि छी।।"
ई पाँति 'सुन्दरकाण्ड'क कोन अध्यायमे वर्णित अछि?

(A) प्रथम अध्यायमे

(B) द्वितीय अध्यायमे

(C) तृतीय अध्यायमे

(D) चतुर्थ अध्यायमे

69. 'वर्णरत्नाकर'क विषयवस्तु विभक्त अछि

(A) जवनिकामे

(B) कल्लोलमे

(C) सर्गमे

(D) अध्यायमे

www.bpscpathshala.com

70. 'द्विरागमन' उपन्यास थिक

(A) राजनैतिक

(B) आर्थिक

(C) सामाजिक

(D) एहिमेसँ कोनो नहि

71. 'ललका पाग' कथा-संग्रहक भूमिका लिखने छथि

(A) प्रो॰ हरिमोहन

(B) पं॰ गोविन्द झा

(C) प्रो॰ रमानाथ झा

(D) उमानाथ झा

72. भाषाक ऐतिहासिक विकासक्रमक अध्ययन कएल जाइछ

(A) वर्णनात्मक पद्धतिसँ

(B) ऐतिहासिक पद्धतिसँ

(C) तुलनात्मक पद्धतिसँ

(D) संरचनात्मक पद्धतिसँ

73. 'विद्यापति गीतावली'क सम्पादक छथि

(A) डॉ॰ शैलेन्द्र मोहन झा

(B) प्रो॰ आनन्द मिश्र

(C) पं॰ गोविन्द झा

(D) डॉ॰ लेखनाथ मिश्र

74. 'नवीन प्रगीत-काव्य' कहल जाइत अछि

(A) अंग्रेजीक 'लिरिक' शैलीमे लिखल कविता

(B) संगीतशास्त्रक अनुकूल रचित कविता

(C) भनितायुक्त कविता

(D) एहिमेसँ कोनो नहि

75. 'चित्रा'क प्रथम संस्करणक भूमिका लिखने छथि

(A) शोभाकान्त

(B) डॉ॰ जयकान्त मिश्र

(C) डॉ॰ अमरनाथ झा

(D) डॉ॰ विश्वेश्वर मिश्र

76. 'मिथिला भाषा रामायण' थिक

(A) महाकाव्य

(B) खण्डकाव्य

(C) प्रबंधकाव्य

(D) कथाकाव्य

77. ग्रियर्सनक अनुसार मैथिलीक उपभाषा थिक

(A) भोजपुरी

(B) उड़िया

(C) मगही

(D) ब्रजबुलि

78. ''सहृदयता, विस्तृत ज्ञान ओ निष्पक्षता—एहि तीनू गुणक दृष्टिएँ प्रो॰ रमानाथ झाक स्थान आलोचकक कोटिमे अग्रगण्य अछि।'' ई कथन कोन इतिहासकारक थिक?

(A) डॉ॰ दुर्गानाथ झा 'श्रीश'

(B) डॉ॰ दिनेश कुमार झा

(C) डॉ॰ जयकान्त मिश्र

(D) डॉ॰ मायानन्द मिश्र

79. आरसी प्रसाद सिंहक प्रथम रचना थिक

(A) पूजाक फूल

(B) शेफालिका

(C) फुलडाली

(D) सूर्यमुखी

80. मैथिली साहित्यक मध्यकालमे रचित त्रैभाषिक नाटक थिक

(A) गौरीविवाह

(B) विद्याविलाप

(C) पारिजातहरण

(D) रुक्मिणीहरण

81. आधुनिक मैथिली निबंधक विकासमे सभसँ वेशी योगदान छैक

(A) पत्र-पत्रिकाक एवं सम्पादकीय

(B) मैथिली महासभा, 1910 ई॰

(C) मैथिली प्रकाशन संस्था

(D) चेतना समितिक सेमिनार

82. ब्रान ब्रैंडक अनुसार भारोपीय भाषाक वर्गीकरण भेल अछि

(A) तीन वर्गमे

(B) चारि वर्गमे

(C) दू वर्गमे

(D) पाँच वर्गमे

83. 'आधुनिक कविता : एकर सम्प्रेषणीयताक समस्या' पोथी प्रकाशित अछि

(A) साहित्य अकादमीसँ

(B) मैथिली अकादमीसँ

(C) चेतना समितिसँ

(D) राजकमल प्रकाशनसँ

www.bpscpathshala.com

84. ''बगड़ा जेना लगाबय खोंता
तेहने रुच्छ केश छउ तोहर
दूर छर हारी मात्र गर्दमे
केहन विचित्र भेस छउ तोहर।''

ई पाँति कोन वादक अन्तर्गत अबैत अछि?

(A) आदर्शवादी

(B) यथार्थवादी

(C) भाववादी

(D) एहिमेसँ कोनो नहि

**85.** मैथिलीमे कोन एहन नाटक अछि जाहिमे अमानवीय पात्रकेँ मानवक प्रतीक बनाए लिखल गेल अछि?

(A) सुन्दरसंयोग

(B) दुर्गा-विजय

(C) मिथिला नाटक

(D) अवतार

**86.** 'मैथिली' भाषा परिवारक सदस्य अछि

(A) सूडान परिवारक

(B) द्रविड़ परिवारक

(C) बाण्टू परिवारक

(D) भारोपीय भाषा परिवारक

**87.** मैथिली साहित्यक आधुनिक कालक विशेषता थीक

(A) छन्दबद्ध काव्य

(B) शृंगारिक काव्य

(C) छन्दमुक्त काव्य

(D) एहिमेसँ कोनो नहि

**88.** 'कन्यादान' उपन्यास लिखबाक श्रीगणेश कोन पत्रिकासँ भेल?

(A) मैथिली हितसाधन

(B) मिथिला

(C) मिथिलामिहिर

(D) श्रीमैथिली

**89.** 'प्रबंध-संग्रह'मे निबंध संकलित अछि

(A) सात

(B) पाँच

(C) आठ

(D) दस

**90.** "मिथिलांचलक मध्यमवर्गक आभिजात्य, छद्मक विद्रूप राजकमलक कथाक मूल तत्त्व थिक आ आरोपित मर्यादा आ दर्शक पाछाँ नुकाएल अन्हारकेँ नाँगर करब हिनक कथाक मूल उद्देश्य अछि।" एहि पाँतिक उल्लेख भेल अछि

(A) कथा-संग्रह, मैथिली अकादमी

(B) ललका पाग

(C) मैथिली कथा-संग्रह, साहित्य अकादमी

(D) एहिमेसँ कोनो नहि

**91.** 'भाषा' की थिक?

(A) निरर्थकताबोधक माध्यम

(B) विचार-विनिमयक माध्यम

(C) संप्रेषणहीनताक माध्यम

(D) बोलीक ह्रासोन्मुख रूप

**92.** "बड़ सुखसार पाओल तुअ तीरे।
छाड़इते निकट नयन बह नीरे।।"
एहि पाँतिमे कोन रस अछि?

(A) भक्ति रस

(B) करुण रस

(C) वात्सल्य रस

(D) वीर रस

www.bpscpathshala.com

93. ''आधक आध आध दिठि अंचल जब धरि पेखल कान।''

एहि पाँतिमे अलंकार अछि

(A) वृत्यानुप्रास

(B) उपमा

(C) रूपक

(D) छेकानुप्रास

94. मैथिली साहित्यमे उपन्यास विधामे पत्रात्मक रचना प्रणालीक प्रयोग कएने छथि

(A) ब्रजकिशोर वर्मा 'मणिपद्म'

(B) राजकमल

(C) पं॰ उपेन्द्रनाथ झा 'व्यास'

(D) प्रो॰ हरिमोहन झा

95. आधुनिक मैथिली नाटकक जन्मदाता छथि

(A) पं॰ जीवन झा

(B) लालदास

(C) म॰ म॰ परमेश्वर झा

(D) महावीर झा 'वीर'

96. 'कृष्णजन्म'मे रसक अभिव्यक्ति भेल अछि

(A) वात्सल्य रस

(B) करुण रस

(C) वीभत्स रस

(D) अद्भुत रस

97. सेमेटिक भाषा परिवारक अध्ययन कएल जाइछ

(A) यूरेशिया खंडमे

(B) अफ्रिकी खंडमे

(C) प्रशान्त महासागरीय खंडमे

(D) अमेरिकी खंडमे

98. 'चन्द्र रचनावली'क सम्पादक छथि

(A) गोकुल नाथ झा

(B) डॉ॰ विश्वेश्वर मिश्र

(C) गोविन्द झा

(D) डॉ॰ वासुकीनाथ झा

99. पं॰ उपेन्द्रनाथ झा 'व्यास'कें साहित्य अकादमी पुरस्कार भेटल छनि

(A) 1969

(B) 1970

(C) 1975

(D) 1980

100. 'साँझक गाछ' कथा अछि

(A) मनोविश्लेषणात्मक

(B) भावात्मक

(C) आदर्शवादी

(D) पौराणिक

www.bpscpathshala.com